

GUPFUNGA NO GUSUBIZA IWABO ABIMUKIRA N'IMPUNZI MURI AFURIKA Y'EPFO

BISIGURA IKI GUSUBIZWA IWABO UVA MURI AFURIKA Y'EPFO?

Turasaba DUSHIMITSE ko, hamwe upfunzwe, uronka ubufasha mu mategeko. Ibi biranakenewe igihe uzanywe imbere y'ubutungane mu kiringo c'amasaha 48 ufashwe.

Nimba uriko usaba ubuhungiro (bishoboka ko uhohoterwa usubiye mu gihugu cawe), ntushobora gusubizwa iwanyu. Rondera ubufasha bw'amategeko vyihuta.



INTAMBWE YA 1
Umupolisi canke umukozi wo mu rwego ruraba abasohoka n'abinjira niwe **wenyene** akubaza gutanga umwirondoro Nimba bafise "impamvu zigaragara" zemeza ko udafise uburenganzira bwo kuguma muri Afurika y'Epfo, barakubaza, baragupfunga mu kiringo **c'amasaha 48** igihe basuzuma ibikuranga n'uruhusha ufise rwo kuba muri Afurika y'Epfo. Rondera ubufasha mu mategeko!



INTAMBWE YA 3
Utegerezwa kuzanwa, ubwawe, imbere ya sentare. Ibi bishobora gushika mu **masaha 48** ufashwe canke upfungiwe mu gasho. Sentare izemeza ko upfungwa canke udapfungwa. Ingingo zabo utegerezwa kuzihabwa mu nyandiko. Bashobora kugeza ipfungwa ryawe kugera ku **minsi 30**.



INTAMBWE YA 5
Hamwe gusubizwa iwanyu iriko irakorwa, ushobora gutwarwa muri **Lindela Repatriation Centre** ca Gauteng. Mu vy'ukuri, bifata umwanya kandi urashobora kujanjwa kuri police canke mu gasho igihe urindiriywe kurungikwa canke gusubizwa iwanyu. N'aho ufise uburenganzira bwinshi igihe upfunzwe (raba ku rundi ruhande), uburyo bwa Lindela hamwe n'ahandi hantu ho gupfungwa si vyiza.



STEP SEVEN
Imbere yo gusubizwa inyuma, utegerezwa kubibwirwa. Ushobora gusubizwa iwanyu hakoreshejwe imodoka, itereni canke indege. Igihe usubijwe iwanyu, birashoboka ko uzobuzwa gusubira muri Afurika y'Epfo imyaka igera kuri itanu. Mbere n'inyuma y'uwo mwanya, kubuzwa kuza bishobora gutuma amahirwe yo kuronka uruhusha rwo kuza muri Afurika y'Epfo agabanuka.



INTAMBWE YA 2
Umukozi w'ibiro vy'ibisohoka n'ivyinjira **wenyene** ashobora kukugira 'umunyamahanga abayeho bidahuye n'amategeko'. Gusubizwa iwanyu bizatangura. Utegerezwa kumenyeshwa ibi, mu nyandiko, mu rurimi utahura. Utegerezwa kandi kumenyeshwa uburenganzira bwawe bwo **kwunguruza**. Umukozi w'ibiro vy'ibisohoka n'ivyinjira ashobora kuguhagarika ku mvo zo kugusubiza iwanyu - Bivana n'ibanga ryabo.



INTAMBWE YA 4
Inyuma y'iminsi 30 ya mbere, umukozi w'ibiro vy'ibisohoka n'ivyinjira ashobora gusaba sentare kwongerako ikiringo c'iminsi 30 yo gupfungwa. Utegerezwa **kuza** kuri sentare, hanyuma ushobora kwisigura wandika. Gupfungwa bishobora kwongerwako igihe hari impamvu zifashwe. Ushobora gupfungwa gusa kugera ku **minsi 120**.



INTAMBWE YA 6
Muri icyo gikorwa, Urwego rwa Home Affairs ija hamwe n'abajejwe ububanyi n'amahanga b'igihugu cawe, abajejwe ibisohoka n'ivyinjira bo mu gihugu cawe gutegura isubizwa inyuma ryawe. Bategerezwa kuraba ko uzokwakirwa ugarutse.

Mu gihe cose co mu kiringo co gusubizwa iwanyu, urashobora gutegura kuza muri Afurika y' Epfo wewe nyene, igihe ushobora kwerekana ko ushobora kandi ufise uburyo bwo kugenda ivyangombwa. Igihe bikunze, uzohabwa ifishe isaba gutanga raporo iwanyu Ibi korwa buri gihe. Igihe ushobora gutegura kuza muri Afurika y'Epfo, turabigusaba dushimitse kubikora gutyo mu gihe kubikora bitagushira mu kaga.

Ibuka, igihe udasubijwe iwanyu inyuma y'iminsi 120 upfunzwe, ufise uburenganzira bwo kurekurwa.

1. NI RYARI UMUNTU APFUNGWA KUBERA IVYANGOMBWA?

Muri Afurika y'Epfo, abapolisi **gusa** hamwe n'abajejwe ibisohoka n'ivyinjira barekeruwe kukubaza kwerekana ivyangombwa. Ibi bitegerezwa kuba karangamuntu kawe harimwo **izina** n' **ifoto** ryawe. Ushobora gupfungwa igihe umupolisi canke umukozi w'ibisohoka n'ivyinjira yemera **'impamvu zifadika'** z'uko udafise uburenganzira muri Afurika y'Epfo.



2. NK' UMUNTU ATARI UMUNYA AFRIKA Y'EPFO, NI IBIHE VYANGOMBWA NKWIYE KUBA MFISE KURI JEWU?

Igihe ufise **viza** muri pasiporo yawe, utegerezwa gutwara **n'imiburiburi** kopi ya pasiporo na viza ibihe vyose. Igihe ufise **ivya ngombwa vy'impunzi**, ukwiye gutwara kopi y'ivyangombwa vy'impunzi ibihe vyose. Igihe ufise **Uruhusha Mfatakibanza rw'Uwurondera Ubuhunzi**, ukwiye gutwara icangombwa ca originari ibihe vyose.




3. NIHEHE NOPFUNGIRWA IMBERE YO GUSUBIZWA IWACU?

Ushobora gupfungirwa mu kibanza kigenywe n'Umurongozi w'Ikigo Kijejwe Ibibazo vyo mu Gihugu (rishirwa ahabona n'Itegeko rya Reta). Ico kibanza kirimwo **ibiro vya polisi**, **amazu yo gupfungwa**, n'**ibiro** bitwarwa n' Urwego Rujewe Ibibazo ryo mu Gihugu. Abarindiriywe gusubizwa iwabo bazorungikwa mu **Kigo co Gutaha ca Lindela** mu Ntara ya Gauteng, ikigo conyene c'urwego rucunga ivyinjira n'ibisohoka co gupfungwa.



4. NI UBUHE BURENGANZIRA BWANJE MU GASHO?

Uburenganzira bwawe mu gasho burimwo uburenganzira: (1) Bwo kubwirwa impamvu z'ipfungwa ryawe hamwe n'uburenganzira bwawe mu gasho; (2) Gupfungwa mu buryo butanga agateka kandi bwubahiriza uburenganzira bwa muntu, harimwo uburaro nyabwo, imfungurwa, ibikoreho vyo gusoma hamwe n'ubuvuzi; (3) Gushobora guhitamwo hamwe gutora abanyamategeko utoye, canke guhabwa umwe ku buryo bwa Reta; (4) Kuramutswa n'umufasha, inshuti hamwe n'umufasha w'ivy'umutima canke abaganga; hamwe (5) Gupfungwa ahatandukanye abagirizwa ivyaha.



5. NI GUTE NOGERA KU BUFASHA BW'AMATEGEKO MU GASHO?

Igihe upfunzwe canke utwawe mu gasho ku mvo yo gupfungwa, turagusaba dushimitse kuronka ubufasha bwo mu mategeko. Urafise uburenganzira, mu gasho, bwo kuramutswa n'abagore canke abafasha, incuti, umufasha mu vy'umutima witoreye ashobora kugufasha mu kuronka ubufasha bw'amategeko. Igihe udashobora kuriha umushingwamanza, ukwiye kwegera ishira hamwe ryigenga, ziri hano. (Menya neza, igihe ufashwe ku vyerekeye ivyaha, ushobora gusaba ubufasha mu vy'amategeko.)



6. NINDE ADASHOBORA GUSUBIZWA IWABO?

Abarondera ubuhungiro n'impunzi ntibakwiye gupfungwa hisunzwe gusubizwa inyuma bivuye kw'itegeko ry'Urwego Rujewe Ibisohoka n'ivyinjira, kuko ibi bishobora kugereranywa no kudasubizwa inyuma (niryo tegeko rivuga ko ibihugu bidashobora gusubiza abantu mubihugu bifise ingaruka zifadika zokwononekara canke gupfa). Ibi birimwo abantu bafise umugambi wo gusaba ubuhungiro. Ariko abasaba ubuhungiro bahejeje kwankwa kandi bakaba batigeze bahakana ko banse kwankwa burundu **bafise** ivyago vyo gupfungwa no kurungikwa iwabo. Gupfungwa kw' **abana** ntivyemewe - gusa nimba ari 'igipimo ca nyuma'. Ibi bigenga n'amabwirizwa amwe.



7. BISIGURA IKI SISITEME YO GUSUBIZWA IWABO MU VY'UKURI?

Urwego Rujewe Iryo mu Gihugu Hagati rwirukana abantu **ibihumbi** buri mwaka. Nubwo amategeko abitegekanywe, abapfunzwe benshi i Lindela bahura n'ingorane zitoroshe. Vyagaragaye ko abapfunzwe bapfungwa iminsi irenga 120, kandi ko impfungwa zimeze nabi, harimwo kutabona ubuvuzi buke, guhanurwa mu vy'amategeko no gupfungwa mu buryo butemewe n'amategeko abasaba ubuhungiro n'abana.



8. NDIPFUZA UBUFASHA. NI NDE NOKWITURA?